

Tedakan - Kekantjingan

No. 36 / 33.

Jogjakarta, 30 Juli 1934.

Bab:  
Hanglarangi marang Radèn Mas  
Soerjosoedjono alias Soebekti  
hora keno ngambah hono hing  
sadjronè Astana Kadipatèn  
Pakoe Alaman.

Maniro Kangdjeng Goesti Pangèran Adipati Ario  
Pakoe Alam, Panggedèning Trah Pakoe Alaman.

Woes hangawoeningani jèn sentono maniro kang  
haran Radèn Mas Soerjosoedjono alias Soebekti, hanakè paman  
Radèn Mas Hario Soerjosoedirdjo, woes rambah-rambah wanoeh  
wani hatjolong djoepoek hono hing kamar boesono maniro, ko-  
joto kang konangan dino wingi tanggal 29 Juli 1934, woes ha-  
njolong kestoel revolver, lengo wangi, lampoe batery lan lijo-  
lijanè.

MARMANÈ SAMENGKO KANG DADI KARSO MANIRO :

Wiwit dino hiki handawoehakè marang sentono maniro kang  
haran

Radèn Mas Soerjosoedjono alias Soebekti  
hanakè paman Radèn Mas Hario Soerjosoedirdjo, hora keno  
ngambah hono hing sadjronè Astono maniro Kadipaten Pakoe-  
Alaman.

Tedakannè lajang Kekantjingan hiki kaparingake  
marang

*Radèn Mas Soerjosoedjono alias Soebekti*  
soepojo disoemoeroepi

Panggedèning Trah Pakoe Alaman,  
Kangdjeng Goesti Pangèran Adipati Ario  
wg: Pakoe Alam.

Sampoen tjotjok kaliaan loegoenapoen  
Secretaris,

*Bongk*